

Vil Cambridge ak De Novo ap ofri konsiltasyon vityèl limite, pandan biwo yo fèmen pou rasanbleman piblik.

**Nimewo Mesajri Klinik Vityèl: (617)405-5479**

Klinik Depistaj Vityèl Legal pou Imigrasyon yo òganize chak 3yèm Mèkredi nan chak mwa.

<b>20 janvye 2021</b>	<b>17 fevr. 2021</b>	<b>17 mas 2021</b>	<b>21 avril 2021</b>
<b>19 me 2021</b>	<b>16 jen 2021</b>	<b>21 jiyè 2021</b>	<b>18 dawout 2021</b>
<b>15 sept. 2021</b>	<b>20 okt. 2021</b>	<b>17 nov. 2021</b>	<b>15 desan. 2021</b>

Moun k ap rele nan Liy Mesaj Klinik Vityèl la nan (617) 405-5479 ta dwe bay non ak nimewo pou kontakte yo nenpòt kilè anvan 12è p.m. nan dat yo òganize klinik la. N ap reponn apèl nou resevwa anvan 12è p.m. oplita nan 3 a 4 jou ouvrab.

Estaf De Novo ap rele w bak pou poze w kèk kesyon enpòtan pou yo kapab seleksyon yon Avoka Imigrasyon, ki pral kontakte moun ki rele yo pou yon konsiltasyon limite. Avoka yo pral rele bak aprè kèk jou selon apèl yo ba yo reponn, selon dosye yo ba yo jere a.

Depi limit kapasite klinik sa a atenn, y ap voye lòt moun ki rele yo pou Klinik Vityèl mwa pwochen an.



**DE NOVO**  
CENTER FOR JUSTICE AND HEALING